

# Nouvo Kowonavirus 2019 (COVID-19)

27 fevriye 2020

Yon nouvo virus yo rele COVID-19 (Nouvo Kowonavirus 2019) la se yon virus respiratwa yo te detekte pou premye fwa nan vil Wuhan, Pwovens Hubei, peyi Lachin. Nouvo virus sa a te pwovoke enfeksyon konfime plizyè milye moun, avèk majorite ladan yo nan peyi Lachin. Lòt peyi, ki gen ladann Etazini tou, te idantifye yon ti kantite ka moun ki te vwayaje nan peyi Lachin te vin enfekte, men kantite a ap ogmante san rete. Dènyèman, yo te konstate pwopagasyon virus la nan sèten peyi pa gen lyen dirèk ak ka nan peyi Lachin, sa ki endike gen transmisyon onivo komunitè a nan sèten kote.

## Kijan kowonavirus la simaye?

Kowonavirus yo se virus respiratwa epi yo simaye anjeneral atravè sekresyon respiratwa (tankou ti gout lè moun touse epi estènye) yon moun ki enfekte ki antre an kontak ak yon lòt moun. Pa gen anpil enfòmasyon osijè fason nouvo kowonavirus sa a simaye.

## Ki sentòm COVID-19 la?

Kowonavirus sa a koze enfeksyon respiratwa (poumon). Pami sentòm enfeksyon sa a, gen:

- lafyèv
- tous
- souf ki kout
- nan ka ki grav, nemoni (enfeksyon poumon yo).

Mdenmsi pifò moun refè aprè yo enfekte, kèk enfeksyon gendwa debouche sou maladi ki grav oubyen menm lanmò pasyan an. Moun aje ak moun ki gen pwoblèm medikal ki te la deja yo sanble yo gen pi gwo risk pou devlope fòm grav maladi a.

## Ki tretman ki genyen? Èske gen yon vaksen?

Pa gen okenn tretman antiviral espesifik pou enfeksyon COVID-19 la, sèlman gen swen sipò epi swen pou bese sentòm yo. Alèkile, pa gen okenn vaksen ki disponib pou pwoteje moun kont enfeksyon COVID19 la.

## Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen?

Menmsi risk pou rezidan Massachusetts akòz COVID-19 la fèb, menm prekosyon pou anpeche rim ak lagrip flou gendwa ede pwoteje kont lòt virus respiratwa tou:

- Lave men ou yo souvan ak savon epi dlo tyèd pandan omwen 20 segonn.
- Kouvri bouch ou lè w ap touse ak estènye.
- Rete lakay ou si ou malad.

## Èske mwen ta dwe mete yon mask lè m ap soti nan espas piblik?

Risk pou lasante pou rezidan Massachusetts yo rete fèb epi pou kounye a, nou pa rekòmande pou moun mete mask lè yo nan espas piblik. Mask yo gendwa itil nan sèten anviwònman, tankou nan yon sal datant yon klinik, pou anpeche yon moun ki gen yon maladi respiratwa simaye li bay lòt moun. Pa gen okenn prèv solid ki demonstre ke lè moun mete mask, sa pwoteje yo andeyò de yon anviwònman klinik swen sante.



## Kijan ou teste yon moun pou wè si li enfekte ak COVID-19 la?

Tès pou COVID-19 la disponib sèlman nan Laboratwa Sante Piblik Eta Massachusetts (Massachusetts State Public Health Laboratory) ak nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) an. Nenpòt founisè swen sante ki sispekte yon moun enfekte ak COVID-19 la ta dwe rele Depatman Sante Piblik Massachusetts la nan (617) 983-6800 pou diskite posibilité pou fè tès la.

## Èske mwen ta dwe fè tès la pou COVID-19 la?

Yo ta dwe teste sèlman moun ki te yon kote Nouvo Kowonaviris 2019 la ap simaye oubyen ki te gen kontak etwat ak yon moun ki enfekte ak viris la, epi ki gen sentòm ki sanble lagrip flou.

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen te ale yon kote COVID-19 la ap simaye oubyen si mwen te gen yon kontak etwat ak yon moun ki enfekte ak viris la?

Koumanse 27 fevriye 2020, si ou te ale nan peyi Lachin oubyen si ou te gen kontak etwat ak yon moun ki genyen viris la, yo gendwa mande w pou evite tout kontak oswa pou redwi pasyèlman kontak ou ak lòt moun (karantèn), selon pwobabilite ou genyen pou ou te ekspose ak viris la. Epitou, ou ta dwe:

- Siveye sante w pandan 14 jou aprè dènye ekspozisyon posib ou an.
- Veye si ou pa gen siy ak sentòm ki anba la yo:
  - a. lafyèv
  - b. tous
  - c. souf ki kout oswa difikilte pou respire
- Lòt sentòm ki parèt bonè yo, se ka frison, doulè toupatou nan kò w, gòj fè mal, maltèt, dyare, kèplen/vomisman ak nen k ap koule.
- Si ou vin gen **nenpòt nan sentòm sa yo**, rele founisè swen sante w lan.
- Anvan pou w ale nan randevou kay doktè a, pa blyie di founisè swen sante w lan ke gen posibilité ou te ekspose ak COVID-19 la.

## Kikote mwen kapab jwenn plsi enfòmasyon konsènan COVID-19 la?

Pou jwenn enfòmasyon ki ajou, tanpri al gade wèbsayt DPH lan nan [www.mass.gov/2019coronavirus](http://www.mass.gov/2019coronavirus).

W ap jwenn plsi enfòmasyon detaye ak oryantasyon adisyonèl ki soti nan CDC:  
<https://www.cdc.gov/coronavirus>.

## Si w gen kesyon ou ta renmen poze

Kontakte doktè, nès oswa klinik nou an ouyen konsèy sante lokal ou an (ki liste nan anyè telefòn la anba administrasyon lokal).

Kontakte Biwo Maladi ki Atrapan ak Laboratwa Syans DPH (DPH Bureau of Infectious Disease and Laboratory Sciences) nan (617) 983-6800.

